

|              |                     |
|--------------|---------------------|
| <b>Nama:</b> | <b>Nomor absen:</b> |
|--------------|---------------------|

1. Ceblok mengisor, sing digoleki mendhuwur  
Cangkriman kasebut batangane yaiku . . . .  
A. Benik                      B. andha                      C. prau bocor                      D. gentheng bocor
2. Batangane "ontong gedhang".  
Cangkrimane, pak demang klambi abang . . . .  
A. disawang malah ilang                      C. disuduk manthuk-manthuk  
B. rupamu kaya kranjang                      D. penggaweane saba blumbang
3. Bapak pucung wujud mlungker kaya kalung,  
Tangan papanira,  
Nuduhake rina wengi,  
Lamun mati bing sang bendara,  
Badhekane yaiku . . . .  
A. gelang jam                      B. binggel                      C. tasbih                      D. ali-ali
4. Batangane cangkriman "Yen cilik dadi kanca, yen gedhe dadi musuh" yaiku . . . .  
A. Geni                      B. sapu                      C. wit                      D. dalam
5. Cangkriman "Dikethok malah . . . .". Ukara kanggo njangkepi cangkriman ing kasebut  
yen batangane **celana** yaiku . . . .  
A. Amba                      B. dhuwur                      C. adoh                      D. mlayu
6. Cangkriman kang batangane nanas sing trep yaiku . . . .  
A. sego sakepel dirubung tinggi                      C. pitik walik saba kebon  
B. lampu dipecah metu uwonge                      D. gajah numpak becak
7. Pitik walik saba meja, batangane yaiku . . . .  
A. Nangka                      B. nanas                      C. sulak                      D. sapu
8. Andha kuwi cangkrimane emboke . . . , nanging anake diidak-idak.  
Ukara kang trep kanggo njangkepi cangkriman ing dhuwur yaiku ...  
A. Digepuki                      B. digandeng                      C. ditangisi                      D. dielus-elus
9. Cangkriman kang mathuk karo batangane sing ateges dina yaiku ....  
A. Bapak pucung seduluran ana pitu,  
gunung,  
tan ana kang padha,  
mati enem urip siji,  
dulur pitu gak tau urip bebarengan.  
B. Bapak pucung laire tinitah bisu,  
kalung,  
lamun rinaketan,  
pinarsudi den temoni,  
mung sarana pinandeng wruh basanira  
C. Bapak pucung rupane saengga  
soklat semu abang,  
saben uwong mesthi gething,  
yen kanggonan dielus-elus tetangisan.  
D. Bapak pucung renteng-renteng kaya  
dawa kaya ula,  
pencokanmu wesi miring,  
sing disaba si pucung mung turut kutha.

10. Ukara ing ngisor iki sing kalebu cangkriman yaiku . . . .  
A. Ana catur mungkur. C. Gajah nguntal sangkrah.  
B. Nguyahi banyu segara. D. Abang–abang lambe.
11. Batangane cangkriman **sega sakepel dirubung tinggi** yaiku . . . .  
A. Sulak B. salak C. tinngi D. nanas
12. cangkriman ing ngisor iki sing kalebu cangkriman plesetan yaiku . . . .  
A. Pitik walik saba kebon. C. Disuguhi anggur cap senggot.  
B. Gajah nguntal singkrah. D. Yu mahe rong lut mahe ndhut.
13. *Pak boletus* kalebu cangkriman kang awujud. . . .  
A. Pepindhan B. blenderan C. wacahan D. tembang
14. Lawa lima kalong telu, dadi pira ?  
Cangkriman kasebut badhekane yaiku . . . .  
A. Wolu B. enem C. papat D. Telu
15. Simbah saben sore nggodhog kasper, banjur direndhem sewengi. Esuke dikukus banjur diwenahi ragi, ditutup nganggo godhong gedhang kanthi brukut karepen cepet mateng. Jarene simbah kasper iki sesok lek bosok malah enak.  
Cangkriman ana ing ilustrasi kasebut tegese yaiku . . . .  
A. Tape B. godhoh C. gethuk D. klenyem